



# Manje Aliman ki San Danje apre yon Pann Kouran




Li kapab riske pou konsome manje ki dwe konsève nan frijidè oswa konjle apre yon blakawout . Chèche konnen kisa ou ka fè pou ou konsève manje yo san danje pandan yon pann kouran epi kilè ou dwe jete manje ki ta ka rann ou malad.

## Anvan

**Kite tèmomet pou aparèy elektwo-menaje yo nan frijidè ak frizè ou an.**

Tanperati frijidè a ta dwe a 40°F oswa pi ba.

Tanperati frizè an ta dwe a 0°F oswa pi ba.



## Prepare pou ka dijans oswa dezans natirèl



**Konjle respryan dlo ak pake jèl yo pou ede kenbe manje ou yo glase.**



**Achte glas kabonik oswa blòk glas pou kenbe manje ou yo glase, si ou panse yo pral pran kouran an pandan yon peryòd tan pwolonje.**



**Bat pou ou gen yon glasyè avèk pake jèl ki glase alamen si toutfw a ou oblije retire manje ou yo nan frijidè a pou ou kenbe yo glase.**

## Pandan

Si pòt yo rete fèmen, manje yo ap rete san danje pandan jiska:

**KENBE** Pòt  
Frijidè ak Frizè yo  
**FÈMEN**



**4 Èdtan**  
nan yon  
Frijidè



**48 Èdtan**  
nan yon Frizè  
**RANPLI**



**24 Èdtan**  
nan yon Frizè  
**RANPLI  
AMWATYE**

## Aprè

**Pa janm goute manje pou detèmine si l san danje pou manje l. Depi ou gen dout, jete l.**



- ⚡ **Jete tout manje ki nan frijidè ki ka gate** (vyann, pwason, fwi ak legim ki koupe, ze, lèt ak rès manje) **apre 4 èdtan san kouran.**
- ⚡ **Jete nenpòt manje ki gen yon sant, koulè oswa konsistans ki dwòl.**
- ⚡ **Si ou gen yon tèmomet pou aparèy elektwo menaje nan frizè ou an, verifeye pou wè si l toujou a 40 °F oswa pi ba.**
- ⚡ **Ou ka reglase oswa kuit manje konjle ki deglase yo ki toujou genyen kristal glas oswa ki nan 40 °F oswa pi ba.**



[www.cdc.gov/foodsafety](http://www.cdc.gov/foodsafety)